
Kòd Abiman ELEV la

Komite lekòl Lynn lan te adopte kòd abiman elèv nan lide pou ankouraje yon estanda apwopriye pou abiman nan lekòl piblik Lynn yo, pandan y ap ekilibre dwa elèv yo.

Kòd abiman an dwe administre san patipri epi avèk ekite. Pandan yo pran ankont valè debaz lekòl piblik Direktè a oswa direktè a deziyen dwe fè ranfòsman kòd abiman an, an konsiderasyon valè fondamantal Lekòl Piblik Lynn, jan yo ka gen rapò ak abiman.

Vyolasyon kòd abiman an kapab lakòz elèv la chanje li, kouvri li oswa retire vètman an. Vyolasyon yo kapab tou sijè a kòd disiplin nan. Degre, frekans, ak sikonstans ki antoure nenpòt ki vyolasyon ta dwe genyen enpak sou metòd yo itilize nan ranfòsman, epi yo dwe pwogresivman aplike aksyon disiplin yo.

1. Chak elèv dwe mete sa:
 - a. Chemiz oswa lòt rad ki kouvri vant, ak pwatrin.
 - b. Pantalon yo, bout pantalon yo, rad, jip, oswa lòt rad anba.
 - c. Soulye (ki pa entèdi anba).
2. Elèv pa gen dwa mete sa yo:
 - a. Sa ki kouvri vizaj, chapo, kapichon, oswa bandana, sof si se nan kad sensèman yon kwayans relijye oswa pou rezon medikal.
 - b. Gan oswa mouf, sof pou yon rezon medikal.
 - c. Pijama.
 - d. Twal ou wè atravè yo, twal ou ka wè pasyèlman atravè yo, oswa may ki ekspozè pati nan kò an ki sanse kouvri daprè vizyèl la.
 - e. Linèt solèy oswa linèt nwa, sof si yo pote pou yon rezon medikal.
 - f. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouway vizib ki ankouraje aktivite ilegal, ki montre vyolans oswa zam, oswa ki obsen vilgè, oswa devègonde.
 - g. Rad, bijou, akseswa oswa tatouway vizib ki gen rapò ak gang.
 - h. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouway vizib ki ankouraje oswa montre sibstans ki sou kontwòl, tankou tabak, alkol, oswa dwòg.
 - i. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouway vizib ki distrè, deranje, oswa prejidi a bi oswa kondwit lekòl la.
 - j. Rad, bijou, akseswa yo oswa tatouway vizib ki gen ladan li diskou rayisman oswa imaj ki vize lòt yo sou baz ras, koulè, orij nasyon, kwoyans/relijyon, sèks, idantite seksyèl, etnisite, oryantasyon seksyèl, andikap mantal ak fizik, laj, zansèt, eta sivil, sanzabri, bezwen espesyal, konpetans nan lang anglè oswa reyisit akademik oswa nenpòt ki lòt konsiderasyon ke nenpòt lwa ak regilasyon federal, eta oswa lokal konsidere kòm ilegal.
 - k. Souvètman pa ka vizib.
 - l. Rad chire oswa dekoude pa dwe ekspozè souvètman yo oswa pati nan ko ki dwe kouvri daprè vizyèl la.
 - m. Rad ki kabap lakòz danje pou lòt elèv yo oswa pèsònèl lekòl la, danje pou pwòp tèt yo, oswa ki kapab andomaj lekòl la oswa pwopriyete pèsònèl, yo pa otorize. Egzanp yo enkli, men yo pa limite a sa sèlman, pwent metalik, klou, oswa chèn metalik, oswa rad oswa soulye ki gen pwent metalik yo, klou oswa chèn metalik.
 - n. Sapat yo, pantouf yo, soulye ki poze yon enkyetid pou sekirite, epi soulye ki genyen kranpon metalik, semèl metalik, oswa talon yo pa otorize.
3. Lekòl la kapab fè eksepsyon nan kòd abiman pou klas atletik, vokasyonèl oswa lòt klas espesyalize lekòl la patwone, oswa lòt rezon lekòl lan egzije. Abiman an sipoze apwopriye pou nenpòt klas ki pwograme ki gen kondisyon inik. Lekòl yo kapab egzije tou sèten abiman ke pou yo mete pouk las edikasyon fizik yo.

(Vizyèl ki anba a dekri zòn nan kò a ki ka pa ekspoze pa twal transparan, twal ki pasyèlman transparan, oswa may. Epitou, dechire oswa chire nan rad pa ka ekspoze kilòt oswa kilòt. Zòn nan kò a ki kouvri pa vizyèl la (Dapre d) ak l) pi wo a.)

